



## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG SARAN**

#### **5.1. Kacindekan**

Dumasar hasil analisis yén déskripsi data dina bab IV, bisa dicindekkeun yén kecap sipat rajékan téh nya éta kecap anu nuduhkeun sipat atawa kaayaan barang katut gagantina anu mangrupa hasil tina prosés ngarajék kecap wangun dasarna sagemblengna atawa sabagian, boh binarung ku variasi foném boh henteu, bisa maké rarangkén bisa henteu. Dina novel *Galuring Gending* karangan Tatang Sumarsono yén kecap sipat rajékan téh kapanggih aya 157 kecap, anu frékuénsi makéna 452 kali (100%). Déskripsina ngawengku (1) wangun dasar kecap sipat rajékan, (2) wanda kecap sipat rajékan, (3) fungsi kecap sipat rajékan, jeung (4) harti kecap sipat rajékan.

- a) Wangun dasar kecap sipat rajékan kapanggih aya 5 kecap, nya éta: (1) kecap sipat aya 79 kecap, anu frékuénsi makéna 213 kali (47,12%); (2) kecap pagawéan aya 15 kecap, anu frékuénsi makéna 39 kali (8,63%); (3) kecap barang aya 5 kecap, anu frékuénsi makéna 84 kali (18,58%); (4) bakal kecap (prakatégorial) aya 45 kecap, anu frékuénsi makéna 70 kali (15,49%); jeung (5) kecap panambah panganteur aya 12 kecap, anu frékuénsi makéna 25 kali (5,53%).
- b) Wanda kecap sipat rajékan kapanggih aya 6, nya éta: (1) wanda kecap sipat rajékan dwimurni aya 56 kecap, anu frékuénsi makéna 200 kali (44,25%); (2) wanda kecap sipat rajékan dwiréka aya 25 kecap, anu frékuénsi makéna 47 kali

- (10,39%); (3) *wanda kecap sipat rajékan trilingga aya* 1 kecap, anu frékuénsi makéna 1 kali (0,22%); (4) *wanda kecap sipat rajékan dwipurwa aya* 10 kecap, anu frékuénsi makéna 47 kali (10,39%); (5) *wanda kecap sipat rajékan dwimurni binarung rarangkén aya* 27 kecap, anu frékuénsi makéna 44 kali (9,73%); (6) *wanda kecap sipat rajékan dwipurwa binarung rarangkén aya* 24 kecap, anu frékuénsi makéna 76 kali (16,81%).
- c) Fungsi kecap sipat rajékan kapanggih aya 5 fungsi, nya éta: (1) fungsi infléktif ajéktival aya 79 kecap, anu frékuénsi makéna 213 kali (47,12%); (2) fungsi ajéktiva dévérbal aya 15 kecap, anu frékuénsi makéna 39 kali (8,63%); (3) fungsi ajéktiva dénominal aya 5 kecap, anu frékuénsi makéna 84 kali (18,58%); (4) fungsi ajéktiva déprakatégorial aya 45 kecap, anu frékuénsi makéna 70 kali (15,49%); jeung (5) fungsi ajéktiva déadvérbial aya 12 kecap, anu frékuénsi makéna 25 kali (5,53%).
  - d) Harti kecap sipat rajékan kapanggih aya 15 harti, nya éta: (1) harti ‘kaayaan’ (éksistif) aya 28 kecap, anu frékuénsi makéna 47 kali (10,39%); (2) harti ‘rupa-rupa’ (diférsitif) aya 5 kecap, anu frékuénsi makéna 40 kali (8,85%); (3) harti ‘rada’ (diminutif) aya 8 kecap, anu frékuénsi makéna 30 kali (6,64%); (4) harti ‘padahal’ (eksesif) aya 1 kecap, anu frékuénsi makéna 1 kali (0,22%); (5) harti ‘panganteb’ (fakultatif) aya 5 kecap, anu frékuénsi makéna 24 kali (5,31%); (6) harti ‘remen’ (frékuéntatif) aya 10 kecap, anu frékuénsi makéna 14 kali (3,09%); (7) harti ‘migawé enya-enya’ (inténsitif) aya 23 kecap, anu frékuénsi makéna 75 kali (16,59%); (8) harti ‘tiruan’ (imitatif) aya 2 kecap, anu frékuénsi

makéna 6 kali (1,32%); (9) harti ‘babandingan’ (komparatif) aya 18 kecap, anu frékuénsi makéna 29 kali (6,42%); (10) harti ‘terus-terusan’ (kontinuatif) aya 27 kecap, anu frékuénsi makéna 65 kali (14,38%); (11) harti ‘leuwih’ (superlatif) aya 3 kecap, anu frékuénsi makéna 3 kali (0,66%); (12) harti ‘hasil’ (résultatif) aya 13 kecap, anu frékuénsi makéna 20 kali (4,42%); (13) harti ‘loba’ (plural) aya 3 kecap, anu frékuénsi makéna 49 kali (10,84%); (14) harti ‘watesan’ (limitatif) aya 6 kecap, anu frékuénsi makéna 14 kali (3,09%); jeung (15) harti ‘sanggeus’ (perféktif) aya 2 kecap, anu frékuénsi makéna 17 kali (3,76%).

## 5.2. Saran

Saréngséna ngayakeun ieu panalungtikan, aya sababaraha saran anu perlu ditepikeun saperti di handap ieu.

- a) Ieu panalungtikan téh ngan saukur nganalisis kecap sipat rajékan tina novel *Galuring Gending* karangan Tatang Sumarsono. Pikeun analisis saterusna dipiharep aya deui anu ngayakeun panalungtikan kecap sipat rajékan dina widang karya sastra anu liana, boh wangun lisan boh wangun tinulis.
- b) Ieu panalungtikan téh kakara medar kecap sipat rajékan, wangun dasar kecap sipat rajékan, wanda kecap sipat rajékan, fungsi kecap sipat rajékan , jeung harti kecap sipat rajékan. Ku kituna, pikeun kamekaran dina widang basa dipiharep aya deui anu ngayakeun panalungtikan kecap sipat rajékan tina aspék anu leuwih lega.